



Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK DEC A POU PIBLIYE ALÈT SOU SECHRÈS POU KAT REJYON NEW YORK

*Kat sou pwoblèm sechrès Eta New York la disponib [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta a te pibliye yon Alèt sou Sechrès (Drought Watch) pou kat rejyon New York, gen ladan Long Island, zòn Rejyon Nò Hudson/Mohawk, Adirondacks yo, ak zòn Great Lakes/St. Lawrence lan. Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, Basil Seggos, te pibliye yon alèt apre li te konsilte avèk ekspè ki soti nan Gwoup Travay sou Jesyon Sechrès Eta (State Drought Management Task Force) a.

"Dènye vag gwo chalè a te lakòz yon sechrès ki ap devlope nan plizyè pati nan Eta a, epi san lapli apwopriye, pwoblèm yo kapab anpire", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo anba restriksyon dlo lokal la patisipe ak pran mezi pou konsève dlo chak fwa sa posib jiskaske avètisman an leve pou ede anpeche yon rate ki pi grav."

Yon "alèt" se premye nan kat nivo avètisman sechrès Eta a ("alèt", "avètisman", "ijans", ak "katastwòf"). Pa gen okenn restriksyon sou itilizasyon dlo obligatwa ki an vigè nan Eta a anba yon alèt oswa avètisman sou sechrès, men yo ankouraje anpil sitwayen yo pou yo volontèman konsève dlo. Founisè dlo piblik yo gendwa enpoze restriksyon sou itilizasyon dlo depandaman de bezwen ak pwoblèm lokal yo.

**Komisè DEC an, Basil Seggos, te di,** "Pandan ke alèt la se jis premye etap la, li bay ajans ak repons ijans Eta New York yo notifikasyon davans sou yon sechrès ki ap devlope. Nou tout kapab fè pati pa nou an pou konsève dlo kounye a nan pran kèk mezi ki senp. Ti chanjman piti yo nan woutin chak jou ou kapab ale lwen nan ede anpeche nivo sechrès anplis".

Konsèy pou konsèvasyon pou pwopriyete yo pou redwi izaj dlo deyò a gen ladan:

- Repare dlo ki ap degoute ak wobinè ak twalèt ki koule yo. Yon wobinè ki koule 30 gout pa minit gaspiye 54 galon pou yon mwa;
- Ogmante wotè pou koupe nan tondez gazon yo. Zèb ki pi long yo bezwen mwen dlo;

- Si kominote a pèmèt awozaj, awoze gazon yo yon maten epi awoze jaden yo lòt maten an olye de chak jou. Awozaj mwens souvan yo pral devlope zèb avèk plis rasin, epi awozaj bonè nan maten redwi evaporasyon;
- Lè ou ap itilize sistèm awozaj gazon otomatik yo, ranplase sistèm lan nan tan lapli oswa itilize yon endikatè lapli pou kontwole kilè ak ki kantite dlo pou ou itilize. Yon kalandriye awozaj fiks ap gaspiye dlo. Awoze sèlman lè sa nesèsè pou ekonomize dlo ak amelyore sante gazon an:
- Bale twotwa ak eskalye yo olye de lave yo ak tiyo dlo yo. Elimine yon lavaj ak tiyo dlo pandan senk minit, chak semèn ta kapab ekonomize ant 625 ak 2,500 galon dlo pa ane depandaman de vitès debi a.

Pou plis konsèy pou ekonomize dlo, vizite pajwèb DEC a nan <http://www.dec.ny.gov/lands/5009.html>.

Alèt sou sechrès ak avètisman yo te deklanche gras ak Endèks sou Sechrès Eta (State Drought Index) la, ki reflechi sou nivo presipitasyon yo, rezèvwa/nivo lak yo, ak debi kouran dlo yo ak nivo nap souterèn yo nan nèf rejyon sechrès Eta New York. Yo bay chak nan edikatè sa yo yon valè pondere baze sou siyifikasyon li ak divès itilizasyon li nan yon rejyon. Pou plis enfòmasyon an detay sou sechrès la, tanpri vizite pajwèb DEC a nan <http://www.dec.ny.gov/lands/5011.html>.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)